Kisa ki ka fèt pou ede moun ki gen Maladi Parkinson?

Apati kounye la a, pa gen okenn remèd pou geri maladi Parkinson, paske doktè pa konn kisa ki lakòz li. Men, gen tretman ki ede fasilite lavi moun ak maladi Parkinson lan.

Nou konnen ke medikaman ak lòt tretman yo gen dwa ede ak sentòm yo kouwe pwoblèm pou mache, movman, pale ak depresyon. Yoga, egzesis, masaj ak gwoup sipo gen dwa ede tou.

Kisa pou m fè si m panse ke mwen gen Maladi Parkinson?

Si w panse ke oumenm oswa yon moun ou kennen gen dwa gen maladi Parkinson, li tre enpòtan pou pale ak doktè oswa lòt anplwaye swen lasante ki antrenen pou ede moun ak maladi Parkinson.

Eske ou gen:

Ti pa, toudousman pandan w ap mache?

Balansman bra w redwi pandan w ap mache?

Vwa w tou dou?

Ekriti w pli piti?

Sa yo sa pa sign nòmal vyeyès. Si w repon wi a kesyon sa yo, ou ta ka vle al jwenn konsèy medikal.

NATIONAL PARKINSON FOUNDATION
Research, Care, and Hope, Worldwide

1501 NW 9th Avenue
Miami, Florida 33136, USA

www.parkinson.org
1-800-327-4545

(Creole, revised 4/2008)

Kisa Ou Dwe Konnen Sou Maladi Parkinson la

COMMUNITY PARTNERS FOR PARKINSON CARE

COMMUNITY PARTNERS FOR PARKINSON CARE

Yon pwogram de National Parkinson Foundation, Inc.

Kisa Ou Dwe Konnen Sou Maladi Parkinson la

Kisa Maladi Parkinson ye?

Maladi Parkinson vreman afekte pati sevò ki kontwole movman. Lan komansman maladi Parkinson sentòm yo nòlman minè e yo vin pli mal pandan jou ap kouri. Pandan ke maladi an pwogrese, movman kotidyen kouwe mache oswa leve kanpe de yon chez vin pli difisili pou akompli.

- Yo estimi ke omwen 1.5 milyon moun Ozetazini. gen Maladi Parkinson.
- Tou de gason ak fanm ka gen maladi Parkinson.
- Dabitid maladi Parkinson komanse lè yon moun lan laj senkanten oswa swasanten, men moun ki pli jen ka gen maladi an tou.

Kisa sentòm yo ye?

Siyn pli komen yo:

- Bouje dousman
- Misk ki rèd
- Yon bra, janm, men oswa pye k ap tran-ble oswa frison lè l rilaks
- Pwoblèm ak balans

Lòt siyn Parkinson se:

- Pwoblèm mache
- Chanjman nan ekriti
- Paka kanpe toudwat (vin bosi)
- Depresyon
- Pwoblèm domi
- Vwa a vin pli ba

Lòt bagay ou fèt pou konnen:

- Nòrmalman sentòm maladi Parkinson komanse sou yon bò kò a, ki emplike swa yon bra oswa yon janm.
- Moun paka atrape maladi Parkinson de yon lòt moun kouwe ou ka pran lagrip oswa rim.
- Maladi Parkinson afekte chak moun nan yon fason diferan. Gen moun ki gen dwa gen plis pwoblèm ak yon sentòm ke yon lòt.
- Ak sipo, tretman ak swen medikal ki apwopriye yon moun ak maladi Parkinson gen dwa viv byen pandan anpil ane.